

19

desanm

Mwen se kòmansman, mwen se finisman tankou A ak Z. Se Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa ki di sa a, li menm ki la, ki te toujou la epi ki gen pou vini an. Revelasyon 1. 8

Se mwen menm ki premye, se mwen menm ki dènye. Mwen se moun vivan an. Revelasyon 1. 17, 18

Premye ak dènye

Alfa se premye lèt nan alfabè grèk la, omega se dènye a. Nan 2em vèsè nou site a tou, Jezi di li se premye ak dènye. Depi kòmansman e jiska finisman istwa lòm l ap toujou la.

Alfa mennen nou nan kòmansman kreyasyon monn nan, li te la ap planifye pou bonè lòm. Konsa, kòm kreyatè li gen dwa sou nou chak ki kreyati li. Lè li te fè li tounen moun, yo eseye debarase yo de li, yo krisifye li sou yon kwa. Nan menm liv revelasyon sa a, li fè deklarasyon etonan sa a : “mwen te mouri”, men li ajoute : “mwen vivan pou tout tan” (1. 18).

Omega fè nou gade lavni. Kris pral gen dènye mo sou tè sa, teyat nan tan enjistis yo, tan lagè yo ak soufrans yo. L ap pran definitivman avèk li moun ki pou li yo. Answit, li va etabli yon wayòm jistis ak lapè (19. 6). Finalman, li va jije tout moun ki te refize chwazi li kòm sovè yo (20. 11-15).

Jou yo tap krisifye Kris la, li te priye pou bouwo yo konsa : “Papa, padonnen yo, yo pa konn sa y ap fè” (Lik 23. 34). Padon sa a, toujou disponib pou moun ki repanti yo. Paske Jezi resisite, l ap viv etènèlman, li sove pou toujou moun ki kwè nan li. Li louvri chemen bonè etènèl la ki kondui moun bò kote li.

“Après, nou menm ki vivan toujou... ya mete nou sou nyaj yo pou n al kontre Senyè a anwo a. Konsa, nou va toujou ansanm ak Senyè a” (1 Tesalonisyan 4. 17).

19

décembre

Moi, je suis l'alpha et l'oméga, dit le Seigneur Dieu, Celui qui est et qui était et qui vient, le Tout-puissant.

Apocalypse 1. 8

Moi, je suis le premier et le dernier, et le vivant.

Apocalypse 1. 17

Premier et dernier

Alpha est la première lettre de l'alphabet grec, oméga la dernière. Dans le second verset cité, Jésus Christ déclare aussi être le premier et le dernier. Ces versets mettent en évidence l'existence éternelle de Jésus Christ qui est Dieu. Du commencement à la fin de l'histoire de l'homme, il est présent.

L'alpha nous ramène à la création des mondes, lorsqu'il était là, préparant tout pour le bonheur des hommes. Ainsi, comme créateur, il a des droits sur chacune de ses créatures. Lorsqu'il s'est fait homme, on a bien essayé de se débarrasser de lui en le crucifiant. Dans ce même livre de l'Apocalypse, lui-même prononce cette parole étonnante : "J'ai été mort", mais il ajoute : "Je suis vivant aux siècles des siècles" (1. 18).

L'oméga tourne nos yeux vers l'avenir. Christ aura le dernier mot sur cette terre, théâtre de tant d'injustices, de guerres et de souffrances. Il prendra définitivement auprès de lui ceux qui lui appartiennent. Ensuite il établira un règne de justice et de paix (19. 6). Puis, à l'heure du bilan final, il jugera tous ceux qui n'ont pas voulu de lui comme Sauveur (20. 11-15).

Le jour de sa crucifixion, Jésus a prié pour ses bourreaux : "Père, pardonne-leur, car ils ne savent pas ce qu'ils font" (Luc 23. 34). Ce pardon est encore offert à celui qui se repent. Parce que Jésus ressuscité vit éternellement, il sauve parfaitement celui qui se confie en lui. Il lui ouvre la voie d'un bonheur éternel auprès de lui.

"Nous serons enlevés... dans les nuées... Nous serons toujours avec le Seigneur" (1 Thessaloniens 4. 17).